ХЬЭХЪУПАЩІЭ
АМЫРХЪАН

# ЛЫФІ НЭЩЭНЭ

ХЬЭХЪУПАЩIЭ АМЫРХЪАН

# ЛIЫФI НЭЩЭНЭ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР ТХЫЛЪ ТЕДЗАПIЭ
НАЛШЫК 1960

## ХЬЭХЪУПАЩIЭ АМЫРХЪАН ТЕУХУАУЭ ПСАЛИТI-ЩЫ

ИпэкIэ адыгэхэм я хабзащ усэу гъэпса псалъэ хъуэр зэрадзхэурэ зэдэджэгуу: зым адрейм ауан гуэр иридзт, адрейми шэрыуэу псалъэ къыридзыжт. Апхуэдэурэ къарууэ яIэр ехьэлIауэ зэныкъуэкъухэрт, зыгуэр текIуэху.

Апхуэдэ лъагъуэм тетущ ХьэхъупащIэ Амырхъани усэным хэша ээрыхъуар. И адэр хъуэрыбзэкIэ Iэзэти, и къуэри апхуэдэ хъунщ жыхуаIэу щIалэм и цIыхугъэхэм псалъэ шэрыуэ къыраутIыпщт, езыми лъэкI къимыгъанэу яриутIыпщыжт. Апхуэдэурэ щIалэр усэмрэ псалъэ хъуэрымрэ IэкIуэлъакIуэ хуэхъури, мыгувэу усэ гуэрхэри зэхилъхьэу щIидзащ.

Иужьрей илъэс зытхухым ди тхакIуэхэмрэ щIзныгъэлIхэмрэ ХьэхъупащIэм нэхъ дэIэпыкъуу, и ныкъусаныгъэхэр, ахэр къызыхэкIар гупсэхуу гурагъаIуэу зэрыщIадзам къыхэкIкIэ абы и художественнэ къарур къызэрогъуэтыж. Художественнэ зыIэтыныгъэр абы псом япэу къыщыщIидзэр IуэрыIуатэм нэхъ сакъыу хэщыпыхьын Iуэхум дежщ, IуэрыIуатэм зэхуихьэса поэтическэ амалхэр къигъэсэбэпурэ, Амырхъан етх «Андемыркъан», «Къэзанокъуэ Жэбагъы», «Гъэрэ щIырэ», нэгъуэщIхэри.

А зэманым езы усакIуэми зэхищIэу щIедзэ IуэрыIуатэм и гъэтIылъыгъэхэмкIэ игъащIэкIэ упсэу зэрымыхъунур; псэукIэщIэр, абы къыхэхъукIа цIыху щэныщIэхэр къэбгъэлъэгъуэн папщIэ, образыщIэ – нэгъуэщIу жыпIэмэ нэгъуэщI художественнэ еплъыкIэщIэ – къэгъуэтын зэрыхуейр. А лъыхъуэныгъэм и нагъыщэ телъу зэхэлъхьащ ХьэхъупащIэр 1953-1956 гъэхэм зэлэжьа тхыгъэхэр.

Уеблэмэ, ХьэхъупащIэр гъащIэм нэхъ кууэ хэплъэф, нэхъ Iуэху куухэр зэпкъырихыф мэхъу. Хабзэм, цIыху зэхэщIыкIым щIэуэ къыхэхьахэм щыщ къигъэлъэгъуэн мурадкIэ усакIуэм ди пащхьэм къыщызэIуех адыгэ унэишэ. НысащIэр адыгэ фашэкIэ яхуапэри щхьэтепхъуэ къытрапхъуэжыну щыхуежьэм, идакъым; «СыбгъэщIэращIэрэ сыщIэбуфэжу» – жиIэри, икIи «Вагъуэр уафэгум къехыу нысащIэбгъэм къыхэтIысхьа» хуэдэ, комсомол значокыр зыхеIу. ХьэхъупащIэр абдеж къыщыувыIэркъым, атIэ, щхьэтепхъуэм и мыхьэнэм зырегъэубгъури, насыпым, хуитыныгъэм зэран хуэхъухэм, цIыхум и нэм нурыр пэзубыд псоми символ яхуещI.

Ей, щхьэтепхъуэжьурэ хужьыжь,
Ухужь пэтми укIыфIщ,
Зи нэкIу гуфIапхъэр щIоуфэ,
Уэ щIэбуфахэм си ныуэжьри яхэтащ.

(«Щхьэтепхъуэ»).

УсакIуэр къищтэ дэтхэнэ темэми художник бгъэдыхьэкIэу бгъэдохьэ; образкIэ, художественнэ сурэткIэ и гупсысэхэр нэрылъагъу къещI. Япэм хуэдэу, ХьэхъупащIэр къуажэм дэплъамэ, фызышэ хьэгъуэлIыгъуэ хэплъамэ, иджы илъагъур тхъэгъуэ-гуфIэгъуэ, пшынауэ-Iэгуауэ макъхэм я закъуэкъым; абы гу лъетэ щхьэтепхъуэр зытрапхъуэ нысащIэм зэрыфIэмыфIым, а нысащIэм и бгъэм хилъхьа значокыр «Уафэм къеха вагъуэм» зэрыхуэдэм, уеблэмэ, хамэ фызхэм IупщIэ зэращIым. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зэ еплъыгъуэм гуфIэгъуэ защIэу къыпфIэщI Iуэхум хэлъынкIэ хъу конфликтыр къегъуэт, а конфликтым и кIуэцIкIэ захуагъэмрэ къарумрэ зыбгъэдэлъ къэхъугъэщIэми гу лъетэ.

Хьэлэмэтщ «Ди дыгъэр Ленинщ» жыхуиIэ усэм и ухуэкIэр. «ЦIыхухэм я гум, – жеIэр авторым, – гуауэр сытхъу щIыIэу илът. А сытхъур дыгъэм и пщтырыгъуэми хуэгъэткIуртэкъым. Ауэ Лениныр дыгъэ етIуанэу къыщIэкIа нэужь, ар

«...и нур IэдийхэмкIэ
ЦIыхугу пIыщIахэм лъоIэс.
Сытхъухэр егъэткIу,
ГугъуехьакIуэр къегъэхуэбэж».

Лениным теухуауэ япэм итха усэми ар ХьэхъупащIэм дыгъэм шырегъэщхь. Мы усэми лъабжьэ хуэхъуар Ленинымрэ дыгъэмрэ зэгъэпщэныгъэрщ. «Лениныр дыгъэм нэхърэ нэхъ лъэщщ» жыхуиIэ идеер лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ IэджэмкIэ къахэкIа усакIуэ куэдхэм гукIэ къагъуэта образщ. Дуней иным гъащIэ къезыт, зи нурымрэ зи хуабэмрэ ух имыIэж дыгъэр лъэпкъ псоми я ээхуэдэ, псори зэса, псоми фIыуэ ялъагъу фIыгъуэщ. БзэкIэ зырызми, зи хъуапсапIэ-гугъапIэкIэ зэхуэдэ лъэпкъхэм Лениныр дыгъэм зэрырагъэщхьым къегъэлъагъуэ вождышхуэм и Iуэху инхэр благъэ зэрахуэхъур: абы иухуа псэукIэр, дыгъэм къит хуабэм ещхьыркъабзэу, цIыхум ямыIэнкIэ амал зимыIэу къызэрабжар. Зэрытлъагъуущи,

ХьэхъупащIэм и усэм лъабжьэ хуэхъуа идеер ауэ узэрыIэбэу къыппэщIэхуэ гупсысэхэм ящыщкъым, атIэ психологическэ къежьапIэ куу зиIэ гупсысэщ.

«УанащIэ Сэхьид» усэм совет цIыхущIэм и образ къэгъэлъэгъуэнымкIэ ХьэхъупащIэм япэ лъэбакъуэр щичауэ щытащ. Ауэ ар нэсу гъэзэщIа щыхъуар «ЛIыфI нэщэнэ» усэрщ. «Щытхъу зыхуэфащэм лIыуэ пащIэ тетщ» хужаIэ хабзэщ, – етх авторым, – ауэ пащIэ зытет псори лIыкъым. ЛIыфIымрэ мылIыфIымрэ иризэхэбгъэкIыну нэгъуэщI нэщэнэ щыIэщ – ар цIыхур парт билетым зэрыхущытырщ:

«Уи бгъэм дэлъ тхылъыр
Си лъым хуэдэу плъыжьым,
Лениным ещхьу
Ар уэ зепхьэфым
………………………….
Хэкум урикъуэ пажэщ,
Пэжым урилэжьакIуэщ».

Ди зэманым лIым и щапхъэр коммунистырщ – аращ мы усэм и идеер, икIи ар авторым, адыгэ псалъэжь «лIыуэ пащIэ тетщ», «быдзышэ хьэлэл ефащ» жыхуиIэхэр фIэгъэнапIэ ищIурэ, дэгъуэу къеIуатэ. Аращ а усэм художественнэ ухуэкIэ нэхъыщхьэу иIэри.

1924 гъэм иуса «Ленин» уэрэдымрэ 1947 гъэм итха «Ди дыгъэр Ленинщ» жыхуиIэ усэмрэ, 1933 гъэм иуса «УанащIэ Сэхьидымрэ» 1957 гъэм зэхилъхьа «ЛIыфI нэщэнэмрэ» зэбгъэпща нэужь, занщIэу наIуэ мэхъу иужьрей илъэс зыбгъупщIым ХьэхъупащIэ Амырхъан и поэтическэ зэфIэкIым хэпщIыкIыу зэрыхигъэхъуар.

Нало Заур.

## МЫВЭМ НЭХЪРЭ НЭХЪ ХЬЭЛЪЭ[1]

ЕхыпӀэу фиӀэр мывалъэщ,
Мывэм и хьэлъэри фи гъащӀэщ.
ГущӀэгъу зимыӀэри фи вапӀэщ.
Гуэдзыпкъэр ныбэкӀэ согъэгъу,
АлащэгъуитӀыр согъашхэ,
Сышхыдэурэ фи гъащӀэм сыноплъ:
СызэрылӀыкӀыр фи кхъуейщ,
Фи хьэ чыржыныр пхъэшащэщ,
Зэгуэщэтыжыр фи пӀастэщ,
Сэурэ къафщтэри вы бжьэкӀщ,
ЩӀэкӀым[2] хуэдэри фи фочщ,
Фи фоч кӀыхьыжьыр жыжьауэщ,
Къэмыуэжыныр фи унэщ,
Унащхьэм хьэму фыщоӀуэ,
Унэжьу фиӀэхэр Ӏугъуалъэщ,
ПхъэзэфӀэӀуари фи уанэщ,
Фи уанэкъуапэри пхъэхуейщ,
Пхъэхуей жыхапхъэри зыводз,
Бдзы зэгъэлъари фи цейщ,
Пхъэцым хуэдэри фи щӀакӀуэщ,
Цейуэрэ фхуащӀри хуэмыхъуэт,
ВакъэлъэмбыӀури фи натӀэщ,
Чэщанэр кӀыхьу къывощӀ,
ШыдыкӀэр кӀэщӀу пывогъэщ,
Къэвгъэпэщащэри фи вабдзэщ,
Вагъэбдзумэншэри фи хьэсэщ,
Фи бжэным чэщанэхэр я чэтщ,
УнэӀут папщӀэри фи шыдщ,
Фэ зэгуэдари фи сампӀэщ,
Фи щӀалэ цӀыкӀухэр лъэбыцэщ,
Хьэцыпэ защӀэр фи щӀакхъуэщ,
УкӀуриижри фи защхьэщ[3],
Мывэщхьэщыгум фытесщ,
Къундэпсом хуэдэри фи фадэщ,
ЛъэгукӀэ зэгуэдари фи вакъэщ,
ГущитӀыр зы шыдкӀэ нывохь,
Хьэхыми лъэсу фынокӀуэ,
Джабэм екӀуэкӀыр фи нысэщ,
ДыгъапӀэм кӀэрысри фи лӀыжьщ,
Я жьакӀэтхьэмпэхэр Ӏугъуафэщ,
Сытыр тхьэмыщкӀэхэм фи гъащӀэ,
Сывэплъмэ си гур ныфщӀогъу.

*1899*

---

1УсакӀуэр и щӀалэгъуэу япэ дыдэ Балъкъэрым щыкӀуам щыгъуэ иусыгъащ. Абы лъандэрэ гукӀэ иӀыгъа усэр иджы япэу дунейм къытехьэу арщ. ЩӀэкӀ – къэмыувыӀэу кӀуэ, псоми пхыкӀ. Мыбдежым зи шэр гуащӀэ фоч жыхуиӀэщ. Защхьэ – пхъэӀэщэ пэгъум и лъэдакъэр арщ. Мыбдежым а псалъэм «пхъэӀэщэ» жиӀэу къырегъэкӀ.

2*ЩӀэкӀ* – къэмыувыӀэу кӀуэ, псоми пхыкӀ. Мыбдежым зи шэр гуащӀэ фоч жыхуиӀэщ.

3*Защхьэ* – пхъэӀэщэ пэгъум и лъэдакъэр арщ. Мыбдежым а псалъэм «пхъэӀэщэ» жиӀэу къырегъэкӀ.

**БОХЪШЭ**[4]

Ипэрей бохъшэр фэ кIапэт,
Бохъшэр зезыхьэм и напэт.
Ахъшэ уиIэм – бохъшэр куэдт,
Узыхуей псори къэбгъуэтт.
Зыхуэхъум и бохъшэр быхъут.
ЗимыпщIэнтIэпсым ирипсэум
Зэрихьэ бохъшэр нэхъ пшэрт.
Ахъшэ зибэм хамэ бынър ибэ ищIт.
Къулайсызыр – амалсызт.
Ахъшэ зиIэр угъурсызт.
Подэт хэхыр къыдэхьамэ,
Ахъшэ хуэлIэм ив итхьэкъут.
Амалсызыр гузавэгъуэм
Угъурсызым ирихулIэт.
И щIыбагъыр къигъэзауэ
Езыр пащIэм щIогуфIыкI.
ИщI вакъапхъэр къыфIещэху,
ЩIы вакъапхъэр зэришхыжу,
И къуэр лIыщIэу иригъажьэрт.
Бейм зыхуейхэр ирагъащIэрт,
ЗэрыпщылIыр имыщIэжу
ЛIыщIэ и цIэу зэришэфырт.
Езы лIыжьыр зыщылажьэм
Жьэн щигъуэтти ужьыхыжырт.
Ипэрей уасэри сыхьэт мыгъуэт,
Адыгэ унагъуэр игъэунэхъурт.
Зипхъу нэхъ дахэр ирипагэрт:
Шыбгым ису къикIухьыну
Зив нэхъ пшэрым,
Зиш нэхъ дахэм
Ипхъу дахэр ярищэрт.
IэщIэкIыпэрэ
Ар зэгуакIуэм дэкIуэсамэ,
«Уасэ!» – жиIэу щIэхыу нэст,
И Iуэм итыр къыфIыришт.
ВитI щIищIэну щимыIэжкIэ,
И Iуэ бжыхьыр игъэсыжт.
Бохъшэ быхъуу зызыгъэхъум
Гуахъуи IэкIэ къимыщтэж,
Жиным хуэдэу зэкIуэкIащи
ЦIыху и хабзи имыIэж.
Бохъшэр быхъум зыкъегъэхъу,
И щхьэ куцIри ахъшэ мэхъу...
Ей, бохъшэжьу ныбэ быхъу,
Жыхьэнэмэр тIысыпIэ пхухъу.
Бохъшэр дунейм текIыжатэм,
Ди псэ тIэкIури псэхужынт.

---

4Мыри ХъэхъупащIэм революцэм ипэкIэ иусри гукIэ иIыгъащ, ауэ, 1957 гъэм урысыбзэкIэ и тхыгъэхэр къыдигъэкIын щыхъум, хэлэжьыхьыжри дигъэтхыжащ. АдыгэбзэкIэ япэу дунейм къыщытехьэр иджыщ.

*1913-1957*

## АНДЕМЫРКЪАН И ТХЫДЭ[5]

1.

Алъхъуо и къуитIыр хьэжьпэжьт[6].
Ежьэри зы хъыджэбз дахэ
КъащэкIури къекIуэлIэжащ.
И анэр пыхьэт,
И адэр гулэзт,
Езыр щхьэхуимытт,
УнэIут папщIэу Гуащэм зэришэт.
Къанжэм и хужьым хуэдэр и хужьт,
Къанжэм и фIыцIэм хуэдэр и фIыцIэт,
ПцIащхъуэм и кIафэм хуэдэр и набдзэт,
ЛъэкIэбдзым теуэр и щхьэцт.
А ерыбз[7] дахэу
Зи щхьэ хуимытыр
Алъхъом зэщIищтэри[8]
Елмырзэ къаныр хуилъхуат.
Щылъхуэ[9] фIащауэ
Щауэ щIэращIэу
ЩIопщ зэфIэщIа хуэдэр
И адэ къилъхуахэм къагъэпудырт.
Ар игу темыхуэу
Хэкур ибгынэри
КъубанкIэ кIуащ.

2.

Бэлэтокъуэпщыр банэкъуэ дэст,
Ар зыдэс жылэм
ЩIалэр дыхьащ.
Пщым пэрыхьэфу[10]
Зы лIыжьыфI хэщIапIэ ищIри
ЩIалэр ябгъэдишащ.
Шыбзыхъуэ лIыщIэу яхуежьэри
Лэгъупэжьыгъэри
ЩIагъуэ дэмыкIыу къыIэрыхьащ.
Ар дыгъэ хьэвти нэгуфIэт,
Жырым хуэдэу пхъашащэт,
Шу пэмылъэщыжу пелуант,
ЩIалэм я лейуэ щэныфIэт.
И щIалэфIагъым къыхэкIкIэ,
Бэлэтокъуэхэ япхъуу
Жалдузхъан дахэу
Щауэ хэплъыхьыр къыдихьэхащ.

---

5Андемыркъаныр къызыхэкIар, и адэ-анэу щытахэр лIыжь куэдым зэтемыхуэу къаIуатэ. ХьэхъупащIэм и тхыгъэр зытыриухуар езым нэхъ тэмэму къилъытэ хъыбарырщ икIи ар зэрытэмэмыр псоми я фIэщ ищIын мурадкIэ някъуакъуэу гъэпсащ.
6*Хьэжьпэжь* – дыгъуэ-гъуакIуэжь, къыпыщIэхуэр къэзыхь-къэдыших жыхуиIэщ.
7*Ерыбз* – цIыхубзыфI.
8*ЗэщIищтэри* – лей ирихри жыхуиIэщ.
9*Щылъхуэ* – фыз щхьэхуимытым нэчыхьыншэу къилъхуа жыхуиIэщ.
10*Пэрыхьэфу* – бгъэдэхьэфу, епсэлъэфу.

Яхъ зэрытехщ[11],
Я гухэлъ зэрыщIэри
Пщыхэм ямыщIэу
Я лIыщIапщIэр яунэгъуэджри –
Джыджыжу Щолэхъужь кIэхур зэхуэфIти –
Зыхуей-зыхуэфIкIэ зызырагъэпэщри
Пщащэмрэ щауэмрэ зэрыщIэу –
Пщыхьэщхьэ пшапэу зыкъыхуигъазэщ,
Хъыджэбзыр зыIэригъэхьэри
КIыфIым ныхыхьэжащ.

3.

– Алыхь-алыхь! – Бэлэтокъуэпщыр губжьащ. –
Хэт и хьэ дыкъиших!
ДанэпIэм къыхэтхащ,
ДарийкIэ дгъэжэпхъащ,
Алъхъуохэ я зинэрылъхум
Дипхъу ихьауэ щхьэ дымылIэрэ! –
ЖаIэри пщыхэм я залымыгъэм
Хэкум иримыгъэсу –
Къураты шыбзищ и Iэдэжу,
Жалдузхъан дахэр и пщэрыдзэну,
Къыргъыз лъэныкъуэмкIэ игъазэщ.
Тенджыз тIуащIэм дыхьэжри
Борэныкъуэ зэшиблыр и щауэгъуу
Шы гъуабжэ быныр иугъуейри
Мывэ унэжьыр къыщищIри
Тенджыз тIуащIэр иIыгъыу
Гъэ зыбжанэкIэ щыпсэуащ.

4.

Хъыджэбз дахитIыр я пэлъхут.
Ещанэрейуэ – Жэманшэрыкъым
И анэ пщIэгъуалэр
Къыщалъхуа жэщым –
Андемыркъаныр къалъхуауэ нэху къекIащ.
Шы цIыкIу къалъхуар
А щIалэ цIыкIум тыгъэ хуащIащ.
А шыщIэ цIыкIур
Фэеплъу къанэри –
И анэр жьыщIэу
И щIыб къэгъэзауэ
Тенджызым Iусу –
Бгъэр къытехуарзэщ,
ЩIэжьейр[12] ипхъуатэри –
И адэр щымыIэу,
И анэр гуIэжу –
Псышхуэм къызэпырихри
ЩIылъэм къыщырихьэхым,
Ищхъэрэ ехауэ
Андемыр ябгэр хуэзащ.

---

11*Яхъ зэрытехщ* – я гухэлъ зэрыщIэщ жыхуиIэщ.
12*ЩIэжьей* – сабий жиIэу къыригъэкIыу арщ.

Сабий гыз макъ щызэхихым,
Джатэ къихауэ хэлъадэри
Итылджыжь[13] бзаджэр щхьэщихущ,
Сабий мэхар къипхъуатэри
И цеикӀэр къипхъухьщ,
Сабийр кӀуэцӀишыхьри
Шышэр и Ӏусу къихьэсри
Шэрмэнхэ я нысэм ипӀащ.

5.

Къураты[14] шыщӀэм
Хуэдэу хъугъуафӀэти
Аслъэн шыр хуэдэу зиужьащ.
Жьым тесу
Псым епыджу,
Зэпхъуэм и щӀылъэныкъуэр
КъыгуиудынкӀэ гугъэу,
Пылыпкъыр хэлъу къэтэджащ.
Игъуэ нэмысу
Шум ядэшэсри
ЗекӀуэ кӀуэну ежьащ,
Ар къыщагъуэта хэкужьми нэсащ.

6.

Шу гупым ар ягъэпсэхупӀэт,
Андемыр и хэщӀапӀэжьт.
Яшхэм хьэлъэ трахри
Загъэпсэхуну тӀысащ.
Я ежьэжыгъуэр къыщысым,
Андемыркъаныр щӀалащэти,
Къэрэгъулым дэщӀыгъуу
ПщафӀэ гъусэу къэнэну –
Ар унафэу яхуищӀащ.
Андемыр ябгэр гупсысэщ,
ЩӀалэр къамылым къыхишщ,
Шыху лъагъуэм тыришэри:
Уэ ущӀалэ псынщӀэщ,
Уэ ущӀалэ делэщ, – жыреӀэ, –
Сэралы[15] хакӀуэр яхэту
МыбыкӀэ шы гуп къызэпырокӀри
Укъалъагъум, уанэ мыгъуэ тетлъхьащ!
И тхьэкӀумэр иӀуантӀэурэ
Мызэ-мытӀэу псалъэ быдэ жыриӀащ.
Шу гупыр шэсащ.
ПщафӀэ гъусэу
ПщыӀэм тесу
Андемыркъаныр къэнащ.

7.

Андемыркъаныр щхьэ хъыжьэт.

---

13*Итылджы* – къаргъей псынщӀэ бзаджэ лъэпкъщ.
14*Къураты* – шы лъэпкъщ, и тхьэкӀумэхэр кӀыхьу, и пхэщӀыр бгъуэуэ, пэтӀинэу.
15*Сэралы* – шы мыгъасэ, емылыдж.

Зы пщэдджыжь гуэрым
Къэрэгъулыр игъэбэлэрыгъщ,
ПщафIэ щIалэр игъэщхьэукъуэри
Къамылыжьым къыхэкIащ,
Шыхулъагъуэм нытехьащ.
Щомыщцыбэм[16] щахэплъэм
И нэр Iэпихри:
Зы дахэ цIыкIу къэзубыдынщ, –
ЖиIэри ар и гугъэу,
Лъагъуэм тегъуэлъхьащ.
Къыщыбгъэдыхьэм,
ПщIэгъуалэ ябгэр къыщыпэщIэхуэм,
ЩIалэм зыкъыкIэрищIэри
ХузэщIщубыдэу
ПщIэгъуалэм зырисэри
Псым хэпкIэжащ.
ЩIалэр кIэрыщIауэ,
Индылым зэрихьэурэ,
ПщIэгъуалэм и щIыб итIысхьащи
Ехьыж и адэ и унэм.
Жэрыбэр псым щыхэкIым,
ЩIалэр къепкIэжащ.
Мывэ фIыцIэжьым дэжейри зиплъыхьащ.
Пшагъуэм къыхэщу
Зы чэщанэшхуи къилъэгъуащ.

8.

Лъагъуэм теувэри
Мывэ унэжьым бгъэдыхьащ,
Жыгеибжэжьыр зэIуихри
Мывэху чэщанэм щIыхьащ.
ЦIыхубз дахищ щIэсти:
– МафIохъу апщи! – щыжиIэм,
– Уи Iуэху фIы икIуэ, си тIасэ!
БэлэтокъуафэкIэ сынуплъи,
Елмырзэ къани хуэкъуапхъи, –
ЖиIэри тэджащ.
Зи ныбжьыр щIалэу
Бланэ шырафэ,
Уафэм укъехуэха?
Укъэлъэтащ жызоIэри –
Дамэ птемыт.
УкъэкIуащ жызоIэри –
Лъагъуэ закъуэщ,
Шу закъуэр щызоущэ,
Борэныкъуэ зэшиблым
Блыгур[17] ящыхь[18].
Уэ дауэ укъыдыхьа мы псы тIуащIэм?
– Сэ схуэфащэ къысщыщIащ,

16*Щомыщ* – мыбдеж щомыщым ещхьу IэпапIэхэр зыхэс шы къуэлэн лъэпкъщ, тенджызхэм къыхэкIыу къаIуэтэж адыгэ псысэхэм.
17*Блыгу* – бгитIыр щызыхыхьэж Iуащхьэрщ.
18*Ящыхь* – щIащыкI.

Нэхъыжь и унафэ седэIуакъым,
Фи шы быным сакъыхэплъэри –
Си нэр сIэпахщ,
«Зы дахэ цIыкIу» – жысIэри зыщыкIэрысщIэм
Фи щIыпIэм сыкъихьащ.
Си щIалагъэмрэ
Си делагъэмрэ зэвудэкIыу
Псым сырикIыжыну
Зы шы хьэху къызэфтатэм,
Фи шы пшэр жэщIынтэкъым,
Фи шы щIыби кIуэдынтэкъым.
– АтIэ, си тIасэ, – жиIащ, –
ВыщIэрэ шыщIэрэ жыхуаIэращ,
Шыр зейри къэсыжынщ.
Шы хьэхуи етыф,
Зыгуэр къыпхуищIэнщ.

9.

ЩIалэр гулэ-гущтэт:
Лы тIэкIу хуагъэжьари
МэкIэрахъуэри и жьэм жьэдэлъщ.
– Плъэт, Налмэс,
Унэр зейр къэсыжын хуейщ, –
И анэм щыжиIэм,
Налмэсрэ Сырымэрэ къыщIэкIащ,
Мывэ пкIэлъейми дэкIуэящ.
– Мес, къокIуэж! – щыжаIэм,
ЩIалэр Елмырзэ пежьащ.
Шы фIэдзапIэжьми бгъэдэуващ.
Жыжьэу къаплъэри
ЩIалэр щилъагъум,
Елмырзэр хубжьу губжьащ:
– Мыр сыт?
Мы щIалэ шыншэу
Шыншэлъэс сабий дыдэр
Дэнэ къикIа?
Мыр зыщIыгъур
Унэгъуэджауэ[19] дэнэ щыIэ?
Къэбэрдеипщхэм сыт къысхуагугъэр?
Си Iэщэ зэпэщщ,
ШууищэкIэ къэзмыгъэззэн! –
ЖиIэри зыфIимыгъэщIурэ
Къэсри къепсыхыжащ.
ЩIалэр Iэбэри
Шы IумпIэр иубыдащ,
ФIохъус зэрахщ,
ЩIопщыр къыIихри
Хабзэ зыщIэ щIалэр
Елмырзэ и сэмэгурабгъумкIэ бгъурыту
Мывэ унэжьым щIыхьэжащ.
Шэнтжьейм итIысхьэжщ,
И щхьэр къиIэтри

---

19 *Унэгъуэджауэ* – гъэпщкIуауэ жыхуиIэщ.

Елмырзэр щIалэм къеплъащ:
– Си хьэщIэ,
Си щIасэ,
Си псэм хуэдэу си щIалэ,
Сытым укъытхуихьа? –
Арщхьэкlэ Жалдузхъаным имыдэу:
ТхьэмыщкIэ и псалъэу
ЩIалэм и Iуэхур
ТIэу жыIэ йомыгъэщI, –
ЖиIэри щIалэм и Iуэхур
Къызыхуэт щымыIэу жыриIэжащ.
ЩIалэ щыхъукIэ хъуэпсэнщ.
Былымабли дыхъункъым,
Шы хьэху хуейми еттынщ,
ШыщхьэIу[20] хуейми еттынщ, –
ЖеIэр Елмырзэ. –
Хэтхэ уащыщ, си щауэ?
– Сэ Къэбэрдеишхуэм сыщыщщ,
Си цIэр Андемыркъанщ,
СызыщIыгъур Андемыр ябгэщ,
ЛъэпкъыцIэрэ
АдэцIэкIэ укъызэупщIмэ –
Тхьэ, сымыщIэ!
– Уэ мысыр джэдым
Хуэдэу унэгуфIэщ,
Мэгъум[21] нэхърэ унэхъ Iэзэщ,
Бажэм нэхърэ унэхь Iущщ,
Узыщыщыр умыщIэжу
Дауэ си фIэщ хъун!
– Сэ си сабиигъуэм
Сыкъагъуэтауэ жаIэж,
Бгъэм сыкъытрахауи зэхызох.
– Алыхь-алыхь, – жеIэр Жалдузхъан, –
Си кIуэцIыкIыщIэм зыкъигъэзай.
Си сабий закъуэу,
Си гуныкъуэгъуэу,
Бгъэр зытехуарзэу,
СыIэбэми сылъэмыIэсу,
Псышхуэм зэпырихар
Нобэ къэзгъуэтыжай.
– Мор си адэм,
Мыр си анэм,
Фэ тIур фызишыпхъум –
Уащхъуэ, насыпыр аракIэ.
Ауэ сыкъызыхэкIам
«ШейтIан къэдгъуэтати
ШейтIану кIуэдыжащ, – жаIэнкъэ.
Зыш къызэфти
СыкъызыхэкIа гупым сахэвгъэхьэж.
СыкъэкIуэжыну

20*ШыщхьэIу ... еттынщ* – еттыпэнщ жыхуиIэщ.
21*Мэгъу* – къэхъуну-къэщIэнур зыщIэ. «Тхьэгурымагъуэ» псалъэм хэт «мэгъур» уафэм и тхьэрщ. Абы и цIэкIэ «Уащхъуэ Мыващхъуэ кIанэ» жаIэурэ тхьэ ираIуэу щытащ.

Си ІэщэмкІи
Си фащэмкІи
Быдагъэ сощІ!
Бланабгъуэ щІыфэр
И фэ къэлътмакъыу,
Гуэншэрыкъ щІахэр къыралъхьэщ,
Афэху джанэщІи къыщатІагъэри
ПщІэгъуалэ кІэщІым къагъэшэсащ.
ПщІэгъуалэжьу хуарэкІэм[22]
И кІэр псым емыІусэу
Индыл къисыкІыжащ.

10.

ЗекІуэ шухэр къэсыжарэ
Хьэлъыхъуэ-кхъуэлъыхъуэ[23] ящІри
ЩІалэр ямыгъуэтыжауэ,
Андемыр гъырэ пыхьэу гупым яхэсу
ПщІэгъуалэ кІэщІым тесу
Андемыркъаныр къэсыжащ.
– Дауэ ухъу, дауэ ущІэ? – щыжаІэм:
– МыдаІуэ зэрыхъу сыхъуащ, – къажыриІащ.

11.

ПщІэгъуалэр лъхуауэ нэху къекІащ.
Щылъхуам шыбэр щагуэшщ,
ЩІалэм пщІэгъуалэр ІэщІахри
Хьэтыкъуейпщокъуэм лъысащ.
Къежьэжри уейпсей къатехъуэри,
ЛІыхъум и вакъэр зэгуэлъэлъащ,
И лъэтхьэмпитІыр пІыщІати, –
И анэм хуищІа вакъэмкІэ
Андемыркъан Жэманшэрыкъыр къищэхужащ.

12.

Хэкум къэсыжри
И адэм и лажьэр щымыгъупщэу
Пщыхэм ясэмэркъуоуэ[24] щІидзащ.
Астырхъаныдзэр
Бэрэгъунышхуэм[25] щытеуэм,
Къэбэрдеишхуэр щыпежьэм,
Жэманшэрыкъыр къунанти
Андемыркъан абы тесу
Беслъэн и гъусэу шэсащ.
Къэбэрдеидзэм я плъакІуэу
Андемыркъаныр яхокІ.
Дзэшхуэр къикІауэ щилъагъум, –
Шу мыгъуэ закъуэт,
Дзэшхуэ макъищэт,

---

22*ПщІэгъуалэжьу хуарэкІэ* – хуарэ лъэпкъым къыхэкІа пщІэгъуалэ.
23*Хьэлъыхъуэ-кхъуэлъыхъуэ* – куэдрэ лъыхъуэн.
24*Сэмэркъуоуэн* – гушыІэн.
25*Бэрэгъунышхуэ* – щІыпІэцІэщ. Шэшэнымрэ Дагъыстанымрэ яку дэлъ щІыпІэщ.

Шу минищ палъэт[26] –
КъемыплъэкIыхэу яхыхьэри
Хьэлэч зэтырищIащ.
И джатэр уафэм и хъуэпскIт,
УафэхъуэпскIым къыкIэрымыхуу
Дзэшхуэр зэбгырихуащ.
IэщIэкIыу псым икIыжахэри къихъунщIащ.
Къэбэрдей щIалэхэу
Iэщэншэ-шыншэхэр
Шы, уанэ, фащэкIэ иригъэкъури
Хъан и къуэ нэфри хикъухьащ.
Бэрэгъунышхуэри къахьыжщ.

13.

Хэкум къихьэжри,
Лъэпщ щызэхихым,
Хуэфащэ Iэщэ хуищIащ,
ЩуIэгъэщIэри[27] къыдихьащ.
Ищхьэм унапIэ щиIыгъыу
Гъэ зыбжани псэуащ.

* * *

Андемыр ябгэр псэужтэкъым,
Пщыхэм жыIэщIи яхуэхъутэкъым,
Шу мыгъуэ закъуэти
Лъакъуэншэт,
Пщым щымышынэри и хабзэт,
И бзэ дыджыжьми[28] щыгугът.

14.

Кърым Щокъалыр
Лей зехьэт,
Хэкум къихьауи зэIищIэрт,
Къэнжали унэ щищIат.
НыбжьыщIэ хэшыр щиублэм,
Зауэр яублэри Щыблэр ягъауэ.
Андемыркъаныр шу хахуэт,
Iэщэр ирихмэ шынагъуэт.
Бийм и гущIыIур и гъуэгут,
Джэдыгу гъурыдзэм я пашэт,
Ахэр зэхешэри ирешажьэ,
ЛэжьакIуэ быныр егъэгушхуэ,
Къаруушхуэу зэщIегъэуIуэ.
ЗыщIэгуор ирагъэхуэхыу
ПщIэгъуалэжьыдзэр
Мэл щтагъэ хабзэу зэрахуэ,
Бахъшэсэрейм[29] дахуэж,
Бахъшэсэрейри фIакъутэ,

26*Шу минищ палъэ* – шу миншц я лIыгъэ зи лIыгъэ.
27*ЩуIэгъэ* – щхьэгъусэ.
28*Бзэ дыджыжь* – шабзэр арщ апхуэдэу зэджэу щытар.
29*Бахъшэсэрей* – кърым хъанхэм я къалащхьэу щытар арщ.

Хъаныжь Батийри[30] къыдаху,
Мэджыт хужьыжьым йобгъэрыкIуэ,
Кърым Щокъалыр къагъэубзэ.
Къэбэрдейм я хъарзынашэр
А махуэм гуфэ зэтетт.

15.

Хэкум къихьэжри
Жанхъуэтыпщыр жагъуэгъу къыхуэхъущ.
Мыхъур джатэжьыр къыщыхурихым,
Шым къытрихри
Iуащхьэр пхитIыкIри щIитIащ.

16.

Андемыркъаныр щIалэт,
ЩIалэIуэ пэтми пылыпкъыт.
Къэбэрдеипщхэр и бийт.
Бийхэм ятекIуэт,
КъимыкIуэтыжуи лIы пагэт.
Къыдырщокъуэпщыр
ПщIэгъуалэм тесу щилъагъум,
Зэ щIэгуоуэгъуэм иригъэхуэхщ;
Айтэчыпщым
ЩакIуэ щыдэкIуэм,
Зы псалъэ закъуэкIэ къехъурджэуати,
Зэ уэгъуэ закъуэкIи хигъэщIащ.

17.

Беслъэней ПцIапцIэр гурышэт,
ЩакIуэ яшэнуи къыщIах,
Мэш пхырым хуэдэу, гум иралъхьэ.
Хьэ джафэ гупыр къыщIаш,
Шухэри иувыкIащ.
Беслъэнейм шабзэхэр къаIех,
Егъэунэхури яретыж.
Андемыркъаным и шабзэр
Къыхужьдэмышу ирегъэIэ,
И Iэр пэмылъэщу егъэщэIу.
– ЩабэIуэщ уи бзэр[31], – ныжыреIэ.
Андемыркъаныр зэгуоп,
Псом япэ иту мэзым нос.
Зэхуосхэри мэзыр щIащыкI,
Кхъуэ пIащэр хьэхэм яIэщIокI,
ЗегъэкIэрахъуэри Андемыркъаным
Кхъуэ пIащэм къырегъэгъазэ...
ГупхъэтIэкIумрэ
Гулъэмыжымрэ хуегъазэри
МыкIэрэхъуэжу зэтыреIулIэ!
– Беслъэней пцIапцIэу гурышэ,
Си шэм и кIуэкIэр уигу ирихьа?

30*Хъаныжь Батийри къыдаху* – мыбдежым усакIуэм IуэхугъуитI щызэхегъэгъуащэ: Хъан Батийрэ (Золотая орда) кърым тэтэрхэмрэ зыуэ и гугъэщ.
31*ЩабэIуэщ уи бзэр* – уи шабзэр ткIийкъым жыхуиIэщ.

Хьэмэрэ си бзэр щабэIуэ? –
ЖиIэу щеупщIым,
Пщыжьхэр гулэзри зэупщIыжащ:
– Ди нэмысыр екъутэ,
Хэкур ищтэнкIэ гугъапIэщ,
Мы сыхьэт мыгъуэм сытыр етщIэн? –
ЖаIэри зочэнджэщ,
Хъуагъэщагъэр зэрагъэпцI.
ГъэпцIагъэкIэ укIыпIэм ирашэри
Шу мыгъуэти епсыхыжащ.

* * *

Жэманшэрыкъыр яIэщIэкIри
КъызыхэкIам хыхьэжащ.
– Алыхь-алыхь!
Си щIалэ закъуэр сиIэжкъым, –
ЖиIэри илъ ищIэжыну
Елмырзэ хэкум къихьэжащ.
Беслъэныр щэм зэгуиудати
Елмырзэ и удыным
Пщищэ икIуэдыкIащ.

*1953*

## СИ САБИИГЪУЭР[32]

Абрэмывэу хьэзабыр
ЦIыхубэм я гум щилъам,
ХъунщIэм пщылI IугъэкIкIэ щеджэм,
ЦIыхум я гъащIэр щаужэгъужам,
ЗылIыр джэдыгуибгъурэ
ЛIибгъур джэдыгуншэу щыщытам,
Вым зыщимыгъазэр
Зыв щиуэсам,
Си адэр нэхущым
Пхъэ пхъэIэщэм кIэлъыкIуэу,
ЦIыкIухэр сабэм щыхэсам,
Сэ сыкъалъхугъащ.
Си напIэр къыщызэтесхам,
Си адэм си анэр иукIт,
Ар схуэмышэчу сэри сыгъът.
Гумыгъуагъэри абдеж щызгъуэтщ,
Сыхьэт дэмыкIыуи ди адэр теужщ,
Зэрытеужуи щIегъуэжщ,
«Къысхуэгъэгъу», – жиIэуэ
Си анэм елъэIущ,
Ар сэ щыслъагъукIэрэ
СфIэгуэныхь мэхъу.
Гъуэгу кIыхьхэм щIышхуэ зэпачт,
Тхуэмышэчыжыр и сабэрт,
Абы ирикIуэхэм я шэрхъхэм
КIыргъыурэ уэрэд яуст,
Гузасэу гъыбзэ ящIыжт.
Апхуэдэ гу кIыргъым
СырегъэтIысхьэ си адэм,
Уэрэдыр шэрхъым къыхедзэ,
Бадзэм щIахуа витIыр мэлъей,
Ди гулъэмыжыр пщэ псыгъуэ мэхъу,
Мэхъэшауэ дыгъэм дегъажьэ,
Жьэражьэр зэрыужьыхыу,
Арыхэу аргъуейр къыкъуокI,
ЛъэкI къамыгъанэу къытщIоф.
Къэзакъ станицэм дынос,
Уэрэд зыусхэр я физщ.
ЗызыгъэлIыфIхэри шущ,
Шур джанэ фIыцIэщ.
Зи Iэпщэ фIыцIэ бгъурылъщ,
«Мыхэр хэт?» – ди адэм соупщI.
Ди адэм «Къэзакъщ», – къызжеIэ, –
«Пащтыхь сэлэтщи загъэкъ,
Адакъэм хуэдэу загъэхъу». –
Схуэмыхъуу сэри сошынэ,
Си нэр соуфIыцIри семыплъ.
Сыздэплъэм уэрэд щаус.
Абыхэм хуэму даблокI,
КъуэкIыпIэр хъыжьэу къофий,

32«*Си сабиигъуэр*» – поэмэм щыщ Iыхьэщ, езы поэмэр иджыри и кIэм нэсакъым.

Тафэшхуэм псы щемыжэх,
Вым ебгъэшхыни темыт,
ЩIы пщтырыр цIыхухэм къатI,
ИратIыхыпэри шыгъушыпс къыщIаш,
УешыхукIэ ефэ,
Псыбафэ уещI,
ИтIани ар мэкъумэшыщIэм ираф,
Я фэр къимыхьэу мэпсэу.
Ди шэрхъ гъущIахэр тещIахэу,
Арыхэу къуажэ дынос –
Сызижагъуэр абы дэуплъэ! –
Щхьэплъыжьу фызыжьхэр
ЖьауапIэм щIэсщ,
ЩIэпыр Iэ уэдкIэ яущэб.
Джанэ бырыбу я лIыжьхэр
Лъэгуажьэ пцIанэщ,
Нэ утхъуэ гупщ.
Я унэ хужьхэр ятIащхьэщ,
Унащхьэр удзым ищтащ,
Хъыджэбз нэкIуплъхэр
Сэ дэзмылъагъуэ,
Сэ слъэгъуа псори гу ихщ.
«Мыхэр хэт сымэ?» –
Ди адэм соупщI.
МэкъумэшыщIэ къуажэу къызжеIэ,
Езыми щэIуурэ зегъазэ.
А махуэ гуауэм
Шыгу зэпэщакIэ
Зы фызыжь гуэри солъагъу –
Узижэгъуэнри теуплъэ! –
Беслъэней ПцIапцIэу гурышэт,
Гур лъэныкъуабэу иришэхт,
ШитIми тхъурымбэр къайхуэхт.
Шыгухур псыгъуэт,
И псэр хэгъуат.
Физ гъуамэр си гум къинащи
Ныщхьэби си нэгу щIэмыкI.
Жэщ ныкъуэу дыкъэсыжами
Насыпи дыхуэмыза,
КIэзызу нанэ тхьэмыщкIэ
Щхьэгъубжэм кIэрыдгъэтащ.
Ар зэман бзаджэу щытащ.
Си нанэ мыгъуэр бэшэчт,
Ди гуэншэрыкъхэр иIуэту
ФэIуадзэу жэщыр игъакIуэт.
Абрэмывэм нэхърэ нэхъ хьэлъэу
ТхьэмыщкIэм дэ дыпщIыхэлът.
ИтIани и щхьэр къиIэтти
КъытщыгуфIыкIырт зэзэмызэ.
Адыгэ фызхэр мытхъами
Хъыджэбз дахэ къалъхуфт,
Къалъхухэри тхьэIухуд защIэт,
ГъащIэм я нэкIу зыригъалъэт,

Насып ямылъагъуу зэфIэгъуэжт.
Ей, уэрэдыр куэдым лъоIэс,
Ар зыусми
И гум лъыкIэ щегъэплъ,
СыззплъэкIыжурэ уэрэд соус,
ЗэщIэсысэжурэ си адэр
Гублащхьэм дэсу мэжей,
Гъуэгу бзаджэр кIапсэу хэшащ,
Зызэблишурэ мэзышхуэм щIокI,
Псым щикIкIэ шэрхъхэр екъутэ,
Хьэкъуэрту сабэр тепхъащ,
Шэрхъхэр дэлъейуэрэ щхьэр. егъэуз,
Гузавэгъуэ зиIэр абы ирокIуэ,
ЩхьэкIуэ шухэр темыкI,
Гъуэгум темыкIхэр насып мэлъыхъуэ.
ЛъыхъуакIуэ гуэри насып хуэзакъым.
Апхуэдэ гъуэгукIэ Налшык дыдохьэ,
Ди гупхъэ тIэкIур ятIэм щIегъанэ,
ВитIым я ныбэм къыщIоуэ.
Бжыхь джабэ Iушэхэм
Загъэшу цIыхухэр йокIуэкI,
Бжэгъу щхьэкIэм епхъуэурэ
Лъэр ягъэIэпхъуэ,
Харчевнэм носхэри щIотIысхьэ.
ТхьэмыщкIэху цIыхур нэхъ йофэ,
Хилъэфахэр, фIагъэжа хуэдэ, мэпырхъ,
Ахъшэр яухмэ мэкIуэж.
Уэрэд жызыIэхэр мэкIий.
Харчевнэ тетыр къыпхуогуфIэ,
ФIы зыкъыпхуищIурэ уехъунщIэ.
ГущIэгъу ухуейуэ ущIэмыхьэ.
Сэ сысабийти сыгурыхуэт,
Iуэхугъуэ псоми гу лъыстэт,
Слъэгъуахэр псори си гум къокIыж:
УэрамдэкIыр къызэрыдухыу
ЦIыху гупым даIущIащ,
Зы щIалэ лъагапIэм тету,
И Iэр Iэтауэ, и нитIыр лыду,
И псалъэм гупыр зэщIиубыдэу,
Быдэу хикъузэу къэпсалъэт.
Жандармхэм фочхэр яIыгъыу
Загъэкъыу абдеж къыкъуокI.
Зыгуэрым мывэ яхедзэ,
Ар зытехуам зыкъыредзых.
Шы мэхъэшахэр къыхахуэри
Гупышхуэр нызэбгыраху,
КъапэщIэхуэм удын ирадз,
Хьэ дзэкъэнхэщи,
Зыхуэзэ псори яуIэ.
Ар си гум къеIэу сахоплъэ,
Си лъыр къэплъами сэ зы слъэмыкI.
Сэ сыщIалэти си делэгъуэт,
Гурыгъури псынщIэу сIэщIэхужт,

А къомыр щӀызэбгырахуари
А махуэм къызгурымыӀуа.
Иджы ар си гум къэкӀыжмэ,
Мыпхуэдэу Ӏуэхур къысщохъу:
Нарт хуэдэу цӀыхубэ лъэщыр
Гъэрэщым ист,
Зэгупсысыжри губжьауэ
Еуэурэ лъэхъур якъутэт.
Октябрь махуэм хуэпӀащӀэти
КъепщӀа псыдыуэхэр зыкӀэрадзт.

*1953*

## БЭМ КЪЫФХУАДЭНКЪЫМ

Совет къэралу
Лей щыземыкIуэр
КъимыкIуэтыжу
Мэбакъуэр.
Ди мамырыгъэр
Ихъумэжыну,
Ныкъуэкъуэгъуншэу,
Еншэу псэуну
Захуэр зи Iэщэу
Лъэщу ди пашэр мэтэдж.
Ауэ хы щIыбым
Бэм я биижьхэм
МафIэу зауэщIэр
ЗэщIагъэстыну щIобэн.
Ер зэхэзыщIэу
Бгыр зытеуэну,
Зи кIуэдыжыгъуэу,
Благъуэ ныбэжьу,
Джеижь пэлъытэу,
Дэпыр жьэдэлъу,
Лъыр къыIурыжу,
Къэжэпхъыр илIу,
Къэнар и пщылIу
Дунейм тепщэну хущIокъу;
Ныкъуэкъуэгъушхуэу
Бэшхуэм пэщытщ,
Джатэр къырехри
Хышхуэм хопыджэ.
Фи джатэ кIэщIыр
ХыщIэм нэсынкъым!
Тенджызыр псышхуэщ,
ФхуикIэщIыкIынкъым!
Къуршыр бгышхуэIуэщ,
КъыфхуэIэтынкъым!
Бэшхуэри лъэщщи,
Фыпэлъэщынкъым!
Дунейр фIым хуокIуэри,
КъикIуэтыжынкъым!
Псэбэр зыщIэкъури,
КъаIэрыхьэнщ!
Фи залымыгъэм
Гъэрыр IэщIокI.
Корейм фыкIуащи,
Ар зэIывощIэ,
Фи жьэр фыущIым,
Щыблэщ къыжьдэхур.
Гитлер и махуэр
Фщыгъупщэжауэ
Ем и IэщакIуэхэр
Фызэрызохьэ,
Дунейр зэIыфщIэу

Фоулъэпхъащэ.
Къэвулъэпхъэщыр
Лъэпкъхэм я мыгъуэщ.
Гугъэу фэ фщIари
КъывэхъулIэнкъым. –
Бгъэр куэдрэ уэмэ, –
Дамэр екъутэ.
Дунейр фкъутэныр
Бэм къыфхуадэнкъым.
Мы зыр си псалъэу
ИрекI хы щIыбым:
Дэ къауэ-науэ
Ди пщIыхьи хэлъкъым,
Ауэ ди нэм къеIэм
И псэм деIэжу ди хабзэщ.

*1959*

## УХЕЙМЭ – УЛЪЭЩЩ

КъухьэпIэжьым ажал маршынэхэр
Мысыр хэкум ныхурегъажьэ.
Египтым сытыр и лажьэ? –
КхъуэпIащэр зыщышынэн имылъагъум,
Зихущыхьу Iуащхьэм докIуей,
Фочауэ Iэзэр жыжьэу щилъагъукIэ,
КхъуэпIащэр ущу мэзым щIохьэж.
Дыгъужьыжьыр зэщэр
ТхьэмыщкIэм и танэжь закъуэрщ,
Къулайм и къэуалыжьым фIолIыкI.
Египтыр фIэгуащIэ мащIэти
И щIыри и псыри зыIэщIилъхьэну
КъухьэпIэжьыр къебгъэрыкIуащ.
Блэ уэным хуэдэу зишэщIри
ЩIы кIапэр щыжьэдилъафэм –
Захуагъэм и Iэщэр лъэщти,
Зэкъуэтхэм я къарур инти –
Блэ пщэдыкъым къыжьэдэуащ,
Хьэ нэпсейм къыжьдэхуа къупщхьэу,
ЩIы Iыхьэр къыжьэдагъэхури
Тенджызыжьым ныхахуэжащ.

*1956*

**ЩХЬЭТЕПХЪУЭ**

Къамылыфэу хъыджэбз дахэм
Институтыр къиухащ.
Игъуэр къэсри
Псэгъу ищIати –
Хъыджэбз дахи
Фызыжь кхъахи –
Къуажэм дэсыр зэхуэсащ,
Я нысащIэр унэишэу
И лэгъунэм нышIашащ,
Бэшэчагъым ирагъасэу
Сакъыу хуэму нышIашащ.
Дыщэ идэр зэвщIэлыдэу
Адыгэ фащэкIэ яхуэпащ.
Дыщэ пыIэр щхьэратIэгъащ.
Щхьэтепхъуэр къыщаIэтым,
И щхьэр иIэтри яхуидакъым:
«Дыщэ пыIэр фащэщ,
Щыгъынри дахэщ,
Щхьэтепхъуэр сытым щыщ:
СывгъэщIэращIэрэ
СыщIэвуфэжу?
СыIэбэрабэу дэнэ сыфшэну?» –
Ар жеIэри мэIэбэ,
Значокыр и бгъэм хеIу,
Дунейм зызэIуехри нэху мэхъу,
МыIэрысэ ныкъуэхъур и нэкIущ,
Балий хъупари и Iупэщ,
Налкъутым хуэдэри нитIщ,
Вагъуэри уафэгум къехри
НысащIэбгъэм къыхэтIысхьащ.
И нысэгъуитIыр бгъурыту,
Хъыджэбз гупым яхэту,
Пшынауэр япэ иту,
Лэгъунэм къыщIашри
Пэшышхуэм щIашащ.
Хамэ фызхэм
НапщIэ-IупщIэ зэхуащI,
ЗимыщIэжу гуащэр мэгубжь:
«Уи напIэр мыджылу,
ХабзэщIэ къэбублэу...»
АрщхьэкIэ джэгушхуэр яублэ,
Пшынауэ нагъуэм
Гъуагъуэм тырекъузэ,
КъэфэкIэ Iэзэхэр къытохьэ,
Фызыжьым и шхыдэр Iэгуауэм хокIуадэ.

* * *

Ей, щхьэтепхъуэжьурэ хужьыжь,
Ухужь пэтми укIыфIщ,
Зи нэкIу гуфIапхъэр щIоуфэ,

Уэ щIэбуфахэм си ныуэжьри яхэтащ.

*1956*

## ЖЬЫЩХЬЭ МАХУЭМРЭ ЖЬЫЩХЬЭ МЫГЪУЭМРЭ

Уи шIалэгъуэм,
Жьым уедэхащIэм;
Уи жьыгъуэм,
ЩIэм уателажьэм,
Уи насыпыр пIалъэмыщIэу
ГъащIэм щIыгъуу къыбдэкIуэм,
ФIыкIэ цIыхугум удэпсэм,
Сабийм уи Iыхьэр къыбдашхым,
МащIэу ушхэрэ IэфIу ужейм –
Ужьыщхьэ махуэщ!
Жьы ухъурэ –
Уи нэр къижу
Жейм уемызэгъыу,
Куэду къуатым пхуэмышхыу,
МащIэу къуатым зыбгъэгусэу,
Сабийр къожалIэмэ ухуэгубжьу,
фызыжь къыбдэкIуари уимыIэжмэ –
Ужьыщхьэ мыгъуэщ!

*1957*

## ГЪЭРЭ ЩIЫРЭ[33]

1.

Гум и щIасэу,
Псэм и гуапэу,
Дунейм и дахэу,
Гъатхэ дахэу щIэращIэ,
ЩIым и щхьэфэр зыгъэбжьыфIэ,
ХъугъуэфIыгъуэм и пэублэ!
ЩIэблэм и бэр зыхуэхахуэ,
Гъалъхуэм и бэр зи хэхъуэ,
Бэр зэпхъуэри зи щхьэфэ,
Уафэм къехри зи гупсэ,
Дыгъэ тепсэми щIэхъуэпсу
Уейпсей бзаджэр изых.
ЩIым щIэсахэр къощIыхэ[34],
Гъатхэ дыгъэм и хуабэм
Зырагъэууэ гъуэм къопщыж.
Уей щхьэрыкIуэу,
Жыжьэ кIуауэ,
Дамэ зытету лъэтэжахэр
Хьэрэхьупым япэ иту къолъэтэж.
Жыг къудамэм къуалэбзухэр
Макъ зыбжанэу щыбзэрабзэу
Щызэхохыр.
Уэ къытхэпсэ нэхъри нэхуу,
Гъатхэ дыгъэу дыгъэ хуабэ!

2.

Бэр зэгугъэу гъэмахуэ,
Махуэ шхыныр зи хэхъуэ,
ХъугъуэфIыгъуэр зи бащэ,
Тхуэфэщэнуэ къыдбгъэдыхьэ.
Уэшхым и лъагъуэу,
Бэвым и гъуэгуу къытхуэкIуэ.
ГъэщIэращIэ ди щIыгур,
КъэгъэгуфIэ лэжьакIуэр,
ЗыбгъэгуащIэу умыгъэгъу,
Зыкъэбуфэуи умыгъэцIынэ.
ПыупщIар бгъэгъущу,
Лъэрыщытыр къэбгъэдалъэу,
Зы и напIэм тIу илъу,
Къибгъэлъэлъым гур хэхъуэу,
Щауэр епхъуэм къигъэхыщIэу,
ЩIым хуэхьыр и хьэлъэу,
Уеплъам нэр пIэпихыу
Бжьыхьэ бейм дыхуэшэ.

3.

33*«Гъэрэ щIырэ»* – гъэмахуэрэ щIымахуэрэ. Гъатхэпэм деж зы махуэ гуэрым гъэмахуэмрэ щIымахуэмрэ тепщэгъуэм щхьэкIэ зоныкъуэкъу жаIэ адыгэхэм. Абы щыгъуэ «гъэрэ щIырэ зэхокI» жаIэ. А махуэм адыгэхэм тхьэлъэIу ящIу щытащ.
34*КъощIыхэ* – дунейм къытохьэж.

Бэр зи Iыхьэу,
Хьэр зыгъэжьу[35],
Жьыр щыбий щIымахуэм
ХуэгъэтIылъ гъуэмылэ –
Хэти къелеекIыу,
БлэкIми яхурикъуу,
Зым хуэныкъуи димыIэу,
Iэщу диIэр ехъуауэ[36],
Уэси сыхъи ямыщIэу,
Гум щIэтщIамэ, лъэбакъуэхъуу;
Ди шыхъужьхэри къигъэджэгуу,
Ди гуужьхэри игъэгъуахъуэу,
Ди Iэщ хъуакIуэр игъэджэгуу;
Джэгуу-гуфIэр щIалэгъуалэу,
ХъугъуэфIыгъуэхэр ябгъэдэлъу,
НэхъыжьыфIхэм
ЩхьэнэщIащэм сэр даIыгъыу,
Ди гъавэжьымрэ
Ди гъавэщIэмрэ зэтехуэу
Къыдэхуахэри
ЩыщIа къуэшхэм ялъэIэсу,
ДэнэкIэ щыIэри къыдэхъуапсэу
Дызыбгъэдэс къэралыр
Бэрэ псэуну сохъуахъуэ!

*1957*

35*Хьэр зыгъэжь* – псори (уеблэмэ хьэри) зыгъэгузавэ жыхуиIэщ.
36*Ехъуауэ* – пшэр хъуауэ.

## ДИ ДЫГЪЭР ЛЕНИНЩ

Сэ дыгъэр къыщIэкIыу куэдрэ слъэгъуащ.
КъыщIэкIти щIы щхьэфэ дияр
И нур Iэдийхэмкlэ игъэхуэбэжт,
ПщIэнтIэпсымэр къыхихыу игъэгъущыжт.
ИтIани гуауэм и сытхъур
ЦIыху гущIэм илъу къэнэжт.
Къемыуэ хуэдэу гур илът.
Дыгъэр къыкъуэкIти къухьэжт.
Ди нэр жэщ кIыфIым ирифт.

Арыххэу нэгъуэщI зы дыгъи къыщIокI,
КъыщIокIри къыдокIуэтей,
ЗэикI къуэмыхьэжыну уэгум къоувэ,
Мыгувэуи и нур Iэдийхэр
ЦIыхугу пIыщIахэм лъоIэс,
Сытхъухэр егъэткIу.
ГугъуехьакIуэр къегъэхуэбэж.

А дыгъэм зэреджэр Ленинт,
Лениныр ди гъуазэт.
Езым гу хьэлэл иныр кIуэцIылът,
Лениным и гур къыщеуэкIэ
Дигухэри къеуэурэ допсэу.
Уи гур хьэлэлу бгъэлажьэм,
Лениным и гум екIуу аращ.

*1957*

**ЛIЫФI НЭЩЭНЭ**

Сэ согупсысэ:
ЛIы нэсыр хэт?
«ЛIыуэ пащIэ тетщ» – жаIэу
ЛIыфIым хужаIэу
Адыгэ псалъэщ.
ПащIэ зытетыр лIы нэсмэ,
Джэдуми пащIэ тетщ.
Сэ согупсысэ:
ЛIы нэсыр хэт? –
Уи гуфIакIэм дэлъмэ
Тхылъ плъыжьыр,
УкъемыплъэкIыу урилажьэм,
Уи гумрэ уи жьэмрэ зэгъусэм,
Уи псалъэр нахуэм
Ленин и Iуэхум ухуэпэжым,
Уи жыпым мэ къыримыхым,
Уи Iэм мэ щымыуам,
Жьым уедэхащIэрэ
ЩIэр бгъэIущыфым,
Псори уи зэхуэдэм,
Партым уригупсэм,
Псом уранэхъыфIщ,
ЩIыхубэм уралIыфIщ,
ФIым уранэхъыщхьэщ.
Уи бгъэм дэлъ тхылъыр
Си лъым хуэдэу плъыжьым,
Лениным ещхьу
Ар уэ зепхьэфым,
Уафэм хуэдэу уи акъылыр къабзэм,
Уи Iуэхум пцIы лъэпкъ хэмылъым,
Уи нитIыр занщIэу къызэплъым,
Хэкум урикъуэ пажэщ,
Пэжым урилэжьакIуэщ,
СынэкIуэнщи сигу уизгъэплъэнщ,
СынэкIуэнщи сочэнджэщынщ,
Жэуапи уэ пщызгъуэтынщ.
ЛIым я нэхъыфIым,
IуэхуфI зезыхьэм
«Быдзышэ хьэлэл ефащ» хужаIэ.
Быдзышэ ефэр
Псори лIыфI хъуркъым.
Ауэ ди партым
Быдзышэ нэхукIэ
ИпIар лIы пщхьэпэщ,
Уигъэпэжынщ.
Ленин и гупсысэмкIэ
И щхьэр гъэнщIамэ,
Ленин и псалъэм
Гу лъитэу тетмэ –
Коммунист тхылъыр хуэфащэщ.
Нобэ лIы нэсу къэслъытэм,

Сыт щыгъуи зи напэр къабзэм
А зырщ нагъыщэу хуэзгъуэтыр.

*1957*

## УНЭГУАЩЭМ И ЩЫТХЪУ

Сэ согупсысэ:
Псоми я нэхъыфIу,
ФIым я нэхъыщхьэу,
СэркIэ нэхъ пщхьэпэу
Зы къызохутэ.
Ар – ди унэгуащэрщ,
Ар – ди гу щабэрщ,
Си гъуэгур щабэ схуэзыщIырщ.
СыщыщIэкIкIэ къыстолъэщIыхьыр,
СыкъыщIыхьэжмэ,
Къызобзэрабзэр.
Сигъэшхыр фIэмащIэрэ
СщIэм щыгуфIыкIым,
Хъум и къабзэмрэ
Бзым и дахэмрэ схуигъуэтым,
Къэзгъуэтыр зэригъэзахуэм,
Си жьэгу пащхьэр къысхуигъэхуабэм,
Си сабийр схуипIым,
КъысхуэгумащIэу
Си пIэр схуищIыжым,
СыкъыщытэджкIэ –
Си жэмыр къэшарэ
Си шейр гъэвамэ,
СиIэ мащIэр
Зэщыщхъуу схуищIым,
ХьэщIэ къихьэрэ –
СимыгъэукIытэм,
Джэдыр къыдэхъум,
Хадэ цIыкIур бэву къехъулIэм,
Унэр и гум,
ЛIыр и псэм,
ПсэукIэм хуэIэзэм,
Быныр губзыгъэу игъасэм –
Насыпым ар и зэхэкIыпIэщ.

* * *

Дунейм и набдзэр цIыхубзщ,
Дунейр зыгъэдахэр фызыфIщ;
Фызым и хуэмыхур
Хъарбыз мыхъум хуэдэщ,
Фызым и бзаджэр
Блэ бзаджэм хуэдэщ;
Абы и фIыр зэхъулIэн,
И бзаджэм щыхъума хъун
ФIыуэ слъагъур ирехъу!
ЛIыр зыгъэлIри фызщ,
ЛIыр зыгъэгушхуэри фызщ;
Физ зыгъэсэфри лIы губзыгъэщ,
Выр куэдрэ бжьэкъуауэмэ,
Къуагуэ мэхъу –

Фызым куэдрэ уегуауэмэ,
И гур мэбэг.
Умышхэжынумэ,
Уи фызыр жьэгъуIугъу щIы:
Ар насыпыншагъэщ,
ЛIыхъур физ дэубзэщи,
ЛIыбзыр физ дэуейщ.
ЛIыжь ухъурэ
Физ уимыIэжмэ,
Жьыщхьэ мыгъуэ ухъуащ.
Физ ущыхуейр жьы ущыхъуарщ.
Насып Iув кIэщIыр
Зэтхъэ-зэлIэщ,
Зэтхъэ-зэлIэм нэхърэ
Мытхъэ-мылIэр нэхъыфIщ.
Насыпыр псыгъуэ кIыхьу
Уи гъащIэм дэкIуэмэ унасыпыфIэщ.

*1957*

## ТХЫДЭЖЬ[37]

ПЭУБЛЭ

Мыр адэжьхэм я гъыбзэщ,
Зэманыжьым и тхыдэщ.
Къэбэрдейм и псэукIам теухуауэ
Ди лIыжь жьакIэхуу
ГъащIэшхуэ зиIахэм
Гур дыхэщIу
Мэкъуауэ щIэщIым и щIагъым
КъыщаIуэтэжауэ сотхыж.

I. ПАСЭРЕЙ ГЪАЩIЭР

Урысыр хэкум къыщимыхьэм,
Къэбэрдейм бэлыхьыр ятелът,
Нэплъэгъуэ ямыгъуэту,
Джатэ якIэрыщIауэ мэкъу еуэт:
Зауэр къебэкIт,
ДэнэкIэ щыIэри къатеуэт.
Мэзым къыщIэкIыурэ
Жылэм къыдэлъадэт;
Ди нысащIэхэр
ЩIафэ[38] джэдыгут,
Фызыжьхэр цеипхъэ джанэт,
ЛIыжьхэр джэдыгу гъуэншэджт.
Жэщ хъумэ, яхь-яхут[39]
Нэху щымэ,
Хьэдагъэт;
Анэм быныр фIахьт;
Я адэр лъэщIыхьэмэ къаукIт;
Сабийр кIэсу зэрахьэт;
Яхьыр ягъэпщылIт;
Хъыджэбзыр къэжэпхъым,
ГъуэншэджыпхъэкIэ ящэрт.
Бын зыпIыр хуитыжтэкъым;
Къарэ Сокъалымрэ[40]
Кърым Щокъалымрэ[41]
Щхьэ плъыжьыр[42] я акъылэгъут,
Гъунэгъуейуэ къыдбгъэдэст:
Илъэс къэскIэ Кърым цIыхутыр[43]
Балъкъ дэсым къахыхьэрт, –
Удихьэхынуэ хабзэтэкъым,
Удэпсэунуэ заводтэкъым –
Я ныбэр я Iуэхут;

---

37«*Тхыдэжь*» – Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс щиплI щырикъуа махуэм ирихьэлIэу итхащ.
38*ЩIафэ* – щIэжьеифэ. ЩIэжьеифэр цIыхубзхэм джэдыгу хуащIу щытащ. «Анэ бгъафэрэ щIафэ джэдыгурэ» жаIэрт адыгэхэм, ар зэрыщабэм къыхэкIкIэ.
39*Яхь-яхут* – хъунщIэрт, дыгъуэрт жыхуиIэщ.
40*Къарэ Сокъал* – Нэгъуейхэм я хъан жиIэу къырегъэкI.
41*Кърым Щокъал* – кърым хъан жиIэу къырегъэкI.
42*Щхьэп лъыжьыр* – тырку сулътIаныращ зи гугъу ищIыр.
43*Кърым цIыхутыр* – кърым хъанхэм тазыру цIыху Iахыу щытащ Къэбэрдейм.

ЦIыхубз дахэ ялъагъумэ,
Жэщгъуэлъ паубыдт;
Ди лIыщхьэ яубыдмэ,
Псэууэ и фэр трахырт.

## II. КЪРЫМЫДЗЭМ И КIУЭДЫКIАР

Зы зэман гуэрым Кърымыдзэр
Ашэбей[44] къыдыхьауэ щыхьэщIэт.
НысащIэ дахэ
Утыкум къырашат,
Кърымыпщым ищэну мурад хуищIат.
НысащIэр зей щIалэм зихъунщIэт.
НысащIэм къыщыщIыр щилъагъум,
Къыипсэлъам жылэр игъэшэхыщIэри
Я хьэщIэхэр яукIыжащ[45].
Кърымыпщри бгым щадзащ,
Кърымыдзэри зэрапхъуащ;
Пелуан къашэри,
Лашын[46] ипIытIащ;
Дзэшхуэ къашэри
Шэджэм щIытIищым[47] къекIуат,
Къундетыр яукIри
БжэныкIэ афэр щахат.
«Дызэрыпсэужыным дыхуейкъым!» – жаIэри
Мывэ блын ящI,
Дзэр жьэгъум щIашэ,
МывэшхуэкIэ яхэуэурэ
Зауэшхуэр яублэ,
Шууищэр зы шум ириудыхыурэ
Лъапсэрыхыр къыхуагъакIуэ...
Кхъухь быдэ ящIри
Тыркур хэкум къиихьат.
Щхьэлажьэ ящIри икIыжащ.

## III. УРЫСХЭМ Я КЪЭКIУЭКIАР

А бэлыхьыр щытщхьэщыкIынум, –
И сэбэпыр япэм иту –
Урысейр къэсащ.[48]
Къуаем[49] нэсым ягъэсейт,
Псым нэсым лъэмыжт,
Жыгыжь тетым паупщIырт,
ГъущI гъуэгур я ужь итт,

---

44*Ашэбей* – МалкэкIэ иджы зэджэ къуажэм щыщ хьэблэщ.
45*Я хьэщIэхэр яукIыжащ* – Кърымым я бэлыхьыр яхуэмыхьыж щыхъум, унафэ ящIри, къэрымыдзэр унагъуэ къэс трагуашащ икIи зэгурыIуэхэри щхьэж и хьэщIэ иукIыжыгъащ. Ар и кIуэдыкIэу кIуэдыгъащ къэрымыдзэр.
46*Лашын* – мыбдежми ХьэхъупащIэр щоуэ: Лашын зэбэнар къэрым пелуаныр аркъым, атIэ къалмыкъ хъаным и пелуаныр арщ.
47*Шэджэм щIытIищ* – къэрымыдзэм щыпэувын быдапIэу Шэджэмыщхьэ щащIа быдапIэщ.
48*Урысейр къэсащ* – Къэбэрдейр Урысейм щыгухьар (аращ усакIуэм зи гугъу ищIыр) 1557 гъэрщ.
49*Къуае* – къуэкIий Iей.

АдыгэщIыр Урысейм щыгухьэм,
Кавказым ис псори
ДахэкIэ къабгъэдыхьащ,
Урысыр хэкум къихьэри
Адэжь-анэжьхэм
Бэлыхьыр щхьэщахыжащ,
Шыпхэ кIэсырыхьри ябгынэжащ,
Я бжэр Iухауэ жейуэ ядэпсэуащ.
«УрыскIэ зэджэр псэ гуапэщ», –
Ди япэ итахэм я псалъэт.
Лъэпкъ зэхэгъэжи ямыщI,
Быдагъэ ящIым емыпцIыж,
Пэжыр я Iэщэщ,
Iущыр я пашэщи
Тыншу дакъыдопсэу.
Я къуэшым дыхуагъадэу,
АдэфI-анэфIым
Хуэдзу къыдбгъэдэтащ.

## IV. ХЪУЭХЪУ

Адэжьым и гъащIэр
Къэзыгъэтыншу,
ПщылIыпIэм бэр къизыша,
Дунейр тынш къытщызыщIа,
Цеипхъэжь джанэмрэ
Джэдыгужь гъуэншэджымрэ щезыгъэхыжу,
Афэху джанэщIэр
ЩезыгъэтIагъэу,
Мыгъуагъэ псори тщхьэщызыха;
ЦIыхум дахуэзымыгъадэу,
Дунейр зыкъутэу,
ЩIымрэ псымрэ зыIыгъыу,
Залымыгъэ зезыхьэу,
Пащтыхь жьэгъущIэту щытахэр
Лъэныкъуэ тхуезыгъэзу,
Зэманыр зыгъэщIэращIэу,
Ди щIыпIэр нуру зыгъаблэу,
ЩIэблэр фIым хуэзыгъасэу,
Насыпыр зыгуэшу,
ГъущIымрэ щIы дагъэмрэ
Бэр езыгъэлэжьу,
Лэжьыгъэ псоми
ПсынщIагъэ езыту,
Ди парту,
Ди къуэшу,
Ди пашэхэм
Я гугъэмрэ я гъащIэмрэ зэтехуэу,
Я лъабжьэр быдэу,
Ди дунейр дахэу,
Ди хэкур лъэщу,
Зыри къытпэмылъэщыжу,
Хъум и къабзэмрэ

Бзым и дахэмрэ щызэблэкIыу,
ДэнэкIэ щыIэри къыдэхъуапсэу,
Зы къэрали дэ демылъэIуу,
Узыншэу,
Тыншу,
Быдэу,
Дахэу,
Дуней щыIэхукIэ
Къэралу щыIэм дырапашэу,
Къэралыгъуэшхуэу дыпсэуну
Сохъуахъуэ!
ХъуэхъуфIымрэ
ГуфIэгъуэмрэ дыщымыщIэу,
ГухэщI дымылъагъуу,
Дунейм гуфIэгъуэкIэ дытетыну –
Си псалъэр соух!

*1957*

## ЛЪАГЪУНЫГЪЭМ И ТХЫДЭ

Лъагъуныгъэр псэм и тепщэщ,
Абы и мафIэр къыбжьэхэпщэм,
Уепщэ пэтми мыункIыфI,
Псы тепкIами мыупщIыIу.
Абы и IэфIым
Мы дунейм зыри щефIэкIкъым,
Абы и гуауэм
Нэхъ гуащIэ зыри бгъуэтынкъым.
Ей, уэ лъагъуныгъэр хуит ущIым
Уи IэмыщIэм дунейр иплъхьэнт.
Е гъэру уиубыдмэ хабзэм,
Уз мыхъужыну гум уитIысхьэнщ.
АтIэ сыт щыгъуи цIыху цIыкIум
Дахэр и щIасэу къопсэу.
Сэ нывжесIэнущ зы хъыбари
Абы фэ быдэу фыкъедаIуэ.

* * *

Зы щIалэ цIыкIурэ
Зы хъыджэбз цIыкIурэ
Зэдэджэгуэгъуу къыздэхъут,
Къаз ягъэхъуну къыдахумэ,
ТхьэIухудитIу зэщIыгъут.
Зым фIащыгъэцIэр Сэлимэтт,
Гъэмахуэ уэшхыу псэ гуапэт,
Къанжэм и хужьыр и нэкIут,
ГуфIэкIэ дахэр екIужт.
Къанжэм и фIыцIэр и набдзэт,
НитIым мазэщIэу щхьэщытт,
И щхьэцыгъуитIыр аркъэну
И лъэдакъэпэм къытеуэт.
Адрейм зэреджэр Шэмсэдинт,
АдыгэлI бжьыфIэу зэфIэтт,
Нарт бланэм хуэдэу плIабгъуэт,
Зи гугъур хъыджэбзхэм ямыухт,
И гур хьэлэлу зэIухат.
А тIури фIыщэу зэролъагъу,
Зэрымылъагъумэ зэхуозэш,
Пшапэр зэхэуэм зэIуощIэ,
Гугъуехь IущIами зыфIагъэщIкъым,
КъащыщIынIауи ямыгугъэ.
Удз гъэгъам хуэдэщ лъагъуныгъэр –
Бэлэрыгъауэ зэкIэщIачыр;
Сэлимэт и адэм ирешажьэ,
И адэ къуэшым ирешалIэ,
ЛIы бей хуэлъыхъуэу ирегъажьэ.
Я благъэр гъукIэщ.
Унэ кIыфIым хъыджэбз щIыкIафIэр нывщIопыхьэ.
ГущIыхьэ щохъур Шэмсэдиным –
Дунейм тетыжым къилъыхъуэну

Ар щIалэ хъыжьэм и гуращэу –
Щэху цIыкIуу къуажэм докIуэсыкIыр,
Гъуэгу кIыхьым тетурэ мэусэ:
«Си Сэлимэту си дахэ,
УсIэщIахащи согуIэ,
УзимыIэжмэ сытыр си гъащIэ,
ГъэрыпIэ пхуэхъуар сэ къысхуэмыщIэм,
Си гъащIэ дыдэм сыпыкIащ.
Си шы къэрапцIэр
ПцIащхъуэу золъатэ,
Дамэ стетатэмэ,
Укъэзгъуэтынт.
Джэдыкъуэ банэ
Мэз джэд холъэт,
Сынэлъэтэнути
Дамэ стемыт».
Сэлимэт дахэр мэгугъэ,
ФIыуэ илъагъум ныпоплъэ,
ЛъэмыкIыж щыхъум мэусэ,
Нэпсыр щIигъэжурэ къыхедзэ:
«Си шыпхъу нэхъышIэр
Щхьэцыгъуэ тIатIэт –
Сыхъыджэбз тIатIэти
Сызэтегъуащ.
Сыщалъхуа хэкур
Си гум къысфIокI,
Унэм сыщIэкIымэ,
СыкъыщIахуэж.
Сыныплъыхъуэнути
Си босцеикIэр си лъэхъущ,
Си псэ и хъуахуэр услъагъужыным
СыныщIэхъуэпсурэ сопсэу».
Шэмсэдин щIалэр
Благъэу ныблэкIти
ЗыщIоувыIыкIри мэдаIуэ,
И тхьэIухудым и макъ зэхехри
ХуэзанщIэ пщIантIэм ныдохьэ.
БжэIупэм Iухьэу щилъагъум,
ГъукIэр къыпожьэр, къоупщI:
«Уэ щIалэр сытым ухуей,
Сэ укъысхуеймэ, къеблагъэ».
Шэмсэдин щIалэр мэгугъэ,
Зигъэсымаджэуэ жыреIэ:
«Си дзэр схуIуч», – жери йолъэIу.
ГъукIэм Iэдэшхуэ къыщIех,
И дзэр хуIуечри хуедзыж,
ЩIалэм егъазэри докIыж.
Тхьэмахуэ дэмыкIыу къегъазэ,
Зы дзэ къыщенэри мэкIуэж.
ЖэщкIэ мыжей, мэгупсысэ,
Амалхэр мйну зэхелъхьэ,
ИтIани Iуэхур къимыкI,
ХузэфIэмыкIыжу къегъазэ,

Дахэм хуэмызэурэ дзэр щенэ,
Зы къэмынэжу еух,
ГухэщIым щIалэр егъэш,
И щхъэцыр уэсу егъэтхъу,
И нэкIу тхъуэплъитIыр фIызолъэ,
Ауэ гухэлъыр имыкI.
Сэлимэт дахи мэхыщIэ,
Езым имыщIэурэ мэтхъупэ.
Зы махуэ гуэрым псы ехьри
Сэлимэт кIыщым ныщIохьэ,
Зыбгъэдыхьари Шэмсэдинт,
И нитIыр нэпсым щIисарт.
ЗэрымыцIыхужхэу зэбгъэдокIыж.
Я гъащIэм зэрымылъагъуауэ
Шуми я гугъэу зэбгъэдокIыж.
Тхыдэжьым и кIэри абдеж щеух.

* * *

Лъагъуныгъэр псэм и тепщэщ,
Абы и мафIэр къыбжьэхэпщам,
Уепщэ пэтми мыункIыфI,
Псы тепкIэ пэтми мыупщIыIу.
Абы и IэфIым
Мы дунейм зыри щефIэкIкъым,
Абы и гуауэм
Нэхъ гуащIэ зыри бгъуэтынкъым.

*1957*

## НОБЭР ГУФIЭГЪУЭЩ, ПЩЭДЕЙР НЭХЪЫФIЫЖЩ!

Хэкур зыкъузу,
Залымыгъэ зезыхьэу,
ЩIэныгъэр гъэпщкIуауэ зыIыгъа,
ЩIыр хуримыкъуу,
Псыр тпиубыду,
«Си шыр»,
«Си щIыр»,
«Си лIыщIэр»,
«Си щIыхъумэр» – жызыIэу,
Дунейр зыIыгъыу,
Благъуэжьым хуэдэу
Хэкум иса пщыхэм
Хьэл-щэну яIар
Сэ нывжесIэнщ,
ЩIэину тхуащIар
Фэзгъэлъагъунщ:
– Выдыгъу-шыдыгъур,
Унэидзыхьэр,
Къэхьпэщыр,
Гуэншэрыкъыр,
Къуий бэлыхьыр –
Арт къытхущанари –
Лъыхъуи
Бгъуэтыжынкъым –
ЯкIэлъыкIуэжащ.
Налшык къалэжьыр
Пщыжьхэм щаIыгъам,
IэщIагъэу дэлъар
Зылъэгъуар Iэджэщ:
Налыжь щыщIалъхьэу,
Унащхьэ пхэнжу,
Щхьэгъубжэ нэфу,
Уэркъ удэфапIэу,
ШэдыпIэ уэраму,
Махъи дэмылъу,
Хъери щамылъагъуу,
Пэгуныжь дыжыпIэу,
ХьэпщIо щызэхашэу –
Налшык къыдыхьахэм
Арат гу зылъатэр.
Пшапэр зэхэуарэ
Уэрам удыхьамэ,
Нэху умылъагъуу
Бгы щыхугъуэ уихуэт;
Нэху щырэ зуплъыхьым,
Зы школ,
Зы чылисэ,
Зы суд унэ,
Пщы унитI
Плъагъурт зэхэту.
УкъекIуэтэхамэ –

Уи унащхьэр
Хьэуазэу,
Уи уэрамыр сэзану[50],
Ди Налшык,
Дигу пхуэгъуу
Дунейр уагъэхьай.

Ауэ ар фэ хьэхути,
Лейри дигу техуакъым:
Бэм щхьэхуитыныгъэм
ЗыкъыхуаІэтащ,
Дуней тетыгъуэныр –
Зейм къызэразэурэ
Илъэс плІыщІ нэсащи
ГуащІэрыпсэу псоми
ЗэдыдогъэлъапІэ.
Хэхъуэныгъэр ину
Нэхъри дэ тхуобагъуэ:
Іэщхэм я бжыгъэр
Вагъуэм и пэбжщ.
БжыгъэкІэ къапщтэмэ,
Ар пхуэмыбжынщ,
Урысейм щІэныгъэр
Нэхуу тхуиубгъуащ,
Ди губгъуэ хуитхэр
Бэвым ищтащ.
Май мазэ хадэу
Ди дунейр дахэу
Къыздэгъэгъащ.
Дыгъэр зэхуэдэу
Дэни къыщопс,
Хэку дызэрысыр
ПщІыпщІу зэщІоблэ,
Адыгэ унэхэм
Электро щоблэ,
Си Налшык къалэр
Дыгъэм полыд.
Фабрик, заводхэр
ДэнкІи къыщоджэ,
ЕджапІэ дахэхэр
Бэуэ зэхэтщ.
Хабзэр зезыхьэр
ЛэжьакІуэ бынщ;
Сабийм уахэплъэм,
Уи нэр пІапах;
Пшэм зэпхылъэту
ЩІэблэр тхуагъьасэ,
Урысеишхуэр
ПсэкІэ ди къуэшщ,
Ди мэкъумэшышІэхэр
Бэвым хущІокъу,
Ди къулыкъущІэхэр

50*Уи уэрамыр сэзану* – ятІэу, шэду жыхуиІэщ.

ФIым хуэгъэсащ;
Дежьэм – ди гъуэгур
Бзэпсу[51] ишащ,
Шыуэ дызытесыр
Машинэ щабэхэщ,
Дыжэ пэтми демыш,
Гъуэгу ишахэр асфалътщ,
Пшэхэм я гущIыIум дыщохуэразэ,
Мэзкуум и щIагъым
Гур егъэгуфIэ,
И мафIэгу щIэращIэхэм
НэхукIэ дызэрашэ,
Нобэ згъэщIагъуэхэр
Октябрь гуфIэгъуэщ,
ДгъэщIа илъэс плIыщIым
ТхуищIа дэрэжэгъуэщ,
Ауэ нобэ фIыгъуэм
Ди пщэдейр хохутэ,
Партыр бэм ди пашэу
Коммунизмэм докIуэ.

*1957*

---

51*Бзэпсу* – сагъындакъыбзэу занщIэщ жыхуиIэщ.

## ІУАЩХЬЭМАХУЭ

Хъерыр зи бэу,
Бэр зыгъэгуфІэу,
ФІыгъуэр зи лъапсэу
Си Іуащхьэмахуэ!
ИжькІэ уІэбэм,
Къэбэрдеишхуэм уахуэмахуати,
Уэ Іуащхьэмахуэр
ЦІэуэ къыпфІащат,
Дыщэ мыл пыІэр
Зэи пщхьэрымыкІ,
Дыгъэр къыщІэплъым,
Япэ къыптоплъэ,
Мы дунеижьым уэ ущынаІуэщ.
УщыцІэрыІуэщ,
Удуней гъэбжьыфІэщ,
ФІыгъуэ зыпылъхэри
Уи лъапэпсынэщ,
Уи нарзаныпсыр
Урысейм щызэрахьэ,
Уи хьэщІэгъуакІуэр зэпымычыж,
ФІыгъуэр зи лъапсэу
Си Іуащхьэмахуэ!
Іуащхьэмахуэ и лъапсэрщ
Псыхъуэр зыгуэшыр,
Къуршыр щыдахэр,
Псыр щыкъабзэр,
Жьыр щыхущхъуэр.
Дыгъэр щыгуащІэм
Ар щІыпІэ салъкъынщ;
Борэныр губжьым,
Ди жьыугъуэджэщ.

*1958*

## ЦIЫХУР ДЭХЭН ХУЕЙЩ

Сэ сылIыжьщ. ИжькIэ уIэбэжмэ,
Бэ зыгъэщIахэми сащIыгъуащ.
Къамылъхуари яхэмыхьари зэхуэдэщ –
Фэ фигу къэмыкIхэр сэ слъэгъуащ.
Сэ зэманыжьым сыхалъхуащ,
ЗэманыщIэми сыхэплъащ.
Уэ плъэгъуа псом ящыщу
Сытыр нэхъыкIэ? – къызжепIэм:
Зи акъыл изыфыжам,
Фадэрыхъыжьэм дихьэхам,
НэхъыкIэ щыIэу слъэгъуакъым,
Нэхъ пуди жаIэу зэхэсхакъым.
Зи лъэкIампIэр щIэщIэрэ
ЖиIэр зымыщIэжым,
Iуэху бгъэдэлъыр къыщинэрэ
Хьэнэ хъуауэ къикIухьым –
Илъэс минкIэ еджами –
Колхоз мылъку бгъэдэвмылъхьэ,
Къэрал Iуэхуи IэщIэвмылъхьэ –
Зи щхьэ зымыхъумэжым
Зыри хуэхъумэнкъым.
Абы псэукIэ хуэхъунур
Зи хуэдэр ныфхуэсIуэтэнщ:
Зы мастероку,
Зы пэгуныжь,
Зы уадэжь цIыкIу IэщIэлъу,
Къэп ныкъуэ кIэпхыну пщIыхэлъу
Зыгуэрым и хьэку хуищIыжмэ,
Е пэгунымщIэ щIилъхьэжмэ,
ЛэжьапщIэ мащIэ къырату,
Ар къэмысыжу ирифрэ
И фыз тхьэмыщкIэр къыщыхьэу,
ЕмыкIуу къихьыр мылъытэу,
МыкIуэмытэжьу псэунущ.

* * *

УщIалэу къапщтэрщ IэщIагъэр,
IэщIагъэ дахэрщ насыпри,
Сабий зыгъасэхэр фысакъ.
Фэращ насыпыр зыгуэшыр,
Ар губгъуэ нэщIым ивмыпхъэ,
МыхъумыщIэр дзыгъуэу мэбагъуэ,
Абы зекIуапIэ евмыт.
Дунейм и набдзэщ цIыхур,
Дунейм щыдахэр цIыхурщ.
ЦIыхугъэр фаджэ фымыщIу
Фи гъащIэр екIуу ефхьэкI.
А зыр уэсяту фхузощIыр –
Ар зыгъэзащIэр си щIасэщ.

*1958*

## СИ САБИИГЪУЭР

Пасэрей сабиймрэ
Нобэрей щІэблэбэмрэ
Сызэхуоплъыжри зыкIи
Зэщхькъым я насыпыр:
Пасэм сабийхэр насыпыншамэ,
Нобэрей щІэблэр насып дэкІуашэщ.
Си адэм ищІауэ,
ЩІым хэщІыхьауэ,
Бгъэныжь тебгъарэ
Губгъэн хэмыкІыу
Чы-бжэгъу унэжьым
И жьэгу сыдэст.
Іугъуэм ситхьэлэт,
БэлэбанагъкІэ сигу хэщІт.
Нанэ лэкъум щищІкІэ,
МафІэ мыхъур гущІыхьэт.
Щхьэгъубжэм къыдиху жьыбгъэм
Уэздыгъэнэфыр дэункІыфІт,
КІыфІым сигъэшынэт, –
ШейтІан къыщІыхьэу си гугъэт.
Симыгъагъын щхьэкІэ ди анэм
Пхъэ дзасэр дагъэм ныхищІэт,
МафІэм щІиІужти къигъэлыдт,
Жьэгур абыкІэ игъэнэхут.
Жьэгу гъуанэр си щхьэукъуапІэт,
ПІэуэ сызытелъыр арджэнт.
Щхьэнтэу зыщІэздзыр си Іэгут.
ГуфІэгъуэу сиІэр лъэрыжакІуэнырт.
Нэху сыкъызыхуекІыр гурыгъут;
Гуэншэрыкъ гъуари сщымыхуэт,
Джэдыгу мыІуэтри хъурт пхъафэ.
Іэгуфэр щІитхъыу дыжьыр соІуэт,
СІуэт щхьэкІэ гъуати мэлъалъэ.
А «фэилъхьэгъуэми» сыпокІ.
СыщІэкІмэ, уэсыр си лъэгут,
КІэнджэгу сыкІуэм сыдийт.
Ди деж сыкІуэжми жьэгу щІыІэрт,
Сысабий мыгъуэт,
Гугъуехь хэмыкІт...
Ди цІыкІухэм сеплъмэ,
Иджы сигу хохъуэ;
Ахэр еджакІуэщ,
ЛэжьэкІуэлІ хъуным я нэ къыхуокІ.
ГъукІэм йохьэ-йохуэ,
Іуэху щІэнкІэ жанхэщ.
Тхылъ щеджэкІэ уи гур хагъахъуэ.
Іэхъуэ кІуамэ гъэшыр ягъэбагъуэ.
Губгъуэ ихьэм бэвагъ ин къащІохъуэ.
Я нэмыс насыпщ,
Я насып мыухщ.
Си жьыщхьэ сэри

Абы сагъэгуфIэ,
ФIыгъуэ мыкIуэщIыжкIи
Совет бын щIэблэбэм
Гуапэу сахуохъуахъуэ!

*1959*

## САБИЙ ЗЕГЪАКIУЭ

Лъабэ цIыкIукIэ
Ди, ди.
Лъабэм банэ хэуэмэ,
Нанэ вакъэ пхуещIырэ,
Си щIалэ.

Лъабэр щабэу ди, ди,
Лъабэ цIыкIухэр
Зэблэпхыурэ
ЩIэхыу зекIуэ, си щIалэ.

Лъабэ цIыкIухэр ди, ди,
Си щIалэ.
Угъурлыгъэр къыдэкIуэну
Ди, ди, си щIалэ.

И перор зелъатэу,
Дерс къыратыр
Къипхъуатэу,
Зыхэт цIыкIухэр
Къехъуапсэу
Схуэпсэуну си щIалэ.

Лъабэ ди, ди,
Си щIалэ,
Школым згъакIуэм,
ЯтекIуэн си щIалэ.

Лъабэ ди, ди,
Си щIалэ,
Зи щIэныгъэм
Бэр къехъуэхъуу
Къысхуэхъун си щIалэ.

Лъабэ ди, ди,
МывэкIэщхъхэм
Уащымыщтэ, си щIалэ;
Школу щыIэр къиухыу,
Бэр зыгъасэу
Схуэпсэун си щIалэ.

Тегушхуауэ лъабэ цIыкIухэр
Гъэбакъуэ, си щIалэ,
Iуэху къыратыр зэфIэкIрэ
ДэнкIэ щыIэри къехъуапсэу
Схуэпсэну си щIалэ.

Лъабэ цIыкIухэр ди, ди,
Си щIалэ.
Лей зезыхьэм хуимыдэу
Дадэ хуэдэу къэхъуну

Си щIалэ.

*1957*

**Тхылъым елэжьахэр**

Хавпачев Амерхан Асхадович
ПРИМЕТЫ НАСТОЯЩЕГО ЧЕЛОВЕКА
На кабардинском языке
Редактор Я. Х. Кажаров
Обложка художника А. А. Стефановского
Худож. редактор И. Г. Абрамов
Техн. редактор С. С. Кумукова
Корректор Х. О. Кумыков

Сдано в набор 6/V 1960 г. Подписано к печати 13/VI 1960 г. Бумага 70Х1081/32. Физ. печ. л. 2,25. Усл. печ. л. 3,08. Уч.-изд. л. 2,78. Заказ №1798. Тираж 1000 экз. Ч00873.

Кабардино-Балкарское книжное издательство
Нальчик, Театральная, 6.
Типография им. Революции 1905 года
Министерства культуры КБАССР
Нальчик, Театральная, 6.
Цена в переплете 1 руб. 90 коп.

Е-жыпхъэм тхылъыр изыгъэзэгъар

ХьэтӀохъущокъуэ Къазий и цӀэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэращ

Адыгэбзэ Хасэм и Facebook напэкӀуэцӀыр.
Тхылъ нэхъыбэ щыбгъуэтынущ: www.bzerabze.com